

AVI ENPÒTAN SOU DWA OU GENYEN SOU DOKIMAN PWOTEKSYON ASIRANS

Dènye chanjman nan lwa federal la ka afekte pwoteksyon asirans ou an si ou anwole oswa vin kalifye pou anwole nan pwoteksyon asirans ki pa gen pwoteksyon pou maladi ou genyen deja.

Ak Transparans Asirans Medikal, ak Akontablite [HIPAA] 1996 la limite sikonsans kote yon pwoteksyon asirans ka pa enkli yon kondisyon medikal ki preznan avan ou anwole. Nan lwa sa a, esklizyon kondisyon ki egziste deja ka pa rete pou plis de 12 mwa (18 mwa pou anwolman an reta). 12-mwa (oswa 18-mwa) peryòd-esklizyon redui pa pwoteksyon asirans ou te genyen avan an. Ou gen dwa pou yon sètifikasi ki montre evidans ou te genyen pwoteksyon asirans avan. Si ou achte asirans anplis plan gwoup asirans anplwaye w la bay, yon sètifikasi ou te genyen asirans deja ka ede w pou jwen pwoteksyon san esklizyon pou maladi ou genyen deja.

Pou gwoup plan asirans Anplwayè yo, Chanjman sa yo jeneralman pran efè nan kòmansman premye ane plan an ki komanse apre 30 Jen, 1997. Pa egzanp, si plan anplwaye w la komanse le 1^{ye} Janvye, li pa egzijib pou plan a w kredi pou pwoteksyon jiska 1^{ye} Janvye, 1998.

Ou genyen dwa pou resevwa yon sètifikasi pou pwoteksyon asirans ki te la depi 1^{ye} Jiyè 1996. Ou ka bezwen pou bay lòt dokiman de fason pou dokimante pwoteksyon ou te genyen avan an. Tcheke avèk administratè nouvo plan pou wè si nouvo plan an genyen esklizyon pou kondisyon ki deja egziste epi si ou bezwen founi yon sètifikasi oswa lòt dokiman sou asirans ou te genyen deja.

Si ou bezwen yon sètifikasi pwoteksyon asirans, ranpli fòm ki nan anvlòp la epi retounen li pou:

Non Anplwayè ou te genyen avan: _____

Adrès _____

Nimewo Telefòn: _____

N ap ba w sètifikasi sa vit. Kenbe yon kopi fòm sa a ou ranpli a. Ou ka mande tou yon sètifikasi pou nenpòt depandan ou genyen (avèk tou konjwen ou) ki te anwole sou pwoteksyon asirans maladi w la.

DEMAND SÈTIKIKA PWOTEKSYON ASIRANS MALADI

Non Patisipan an: _____ Dat: _____

Adrès _____

Nimewo Telefòn: _____

Non ak relasyon pou nenpòt depandan w ap mande yon sètifikasi (ak adres yo si li diferan ak sa ki anwo la):
